



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 13 mas 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAPOLIS ETA AP KÒMANSE ENTANSIFYE KONTWÒL POU CHOFÈ KAP KONDWI SOU ENFLIYANS ALKÒL AK CHOFÈ KI DISTRÈ PANDAN YAP KONDWI NAN ZÓN KONTWÒL PANDAN WIKENN ST. PATRICK LA**

***Lapolis eta ap entansifye kontwòl pou chofè kap kondwi sou enfliyans alkòl, ak distraksyon sou volan, ak ranfòsman lwa pou minè kap konsome alkòl***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lapolis Eta New York ap kòmanse yon kanpay pou diminye sou chofè kap bwè pandan yap kondwi, minè kap bwè alkòl, ak sa yo ki pral distrè pandan wikenn St Patrick sa a, nan yon efò pou prevni trajedi ki koze pa alkòl sou volan. Polis Eta pral inisye efò ranfòsman sikilasyon spesyal kap kòmanse nan Vandredi 14 Mas pou rive jiska Lendi 17 Mas.

“Selebrasyon Jounen St. Patrick la ta dwe yon eksperyans agreyab ak ansekirite pou tout Nouyòkè yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Wikenn sa a, twoup leta yo ap entansifye aplikasyon pou asire ke otomobilis yo konfòme avèk lwa enpòtan sa yo ki pral ede prevni moun kap kondwi sou enfliyans alkòl ak sa yo ki distrè, ak minè kap konsome alkòl men de fason pi enpòtan ede sove lavi yo. Mwen ankouraje tout chofè yo ki planifye transpòtasyon alavans, itilize prekosyon lè yap vwayaje, ak swiv lalwa kidonk festivite ki nan wikenn sa pa mennen a trajedi initil.”

Chofè yo dwe atann a baraj woutye, patwouy adisyonèl pou DWI ak ogmante enspeksyon sou minè kap achte ak konsome alkòl pandan kanpay la. Lapolis Eta pral egalman bay kontravansyon a chofè distrè yo kap itilize yon aparèy elektwonik pòtatif.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York Joseph D'Amico te deklare, “Lapolis Eta New York vle pou tout moun amize yo pandan wikenn St.Patrick la, men li ankouraje tout moun pou yo rete ansekirite. Si w ale nan yon fèt oswa akvitie epi ou konsome alkòl, deziyen yon chofè oswa jwenn yon lòt mwayen transpòtasyon.”

Daprè Administrasyon Sekirite Trafik Otowout Nasyonal (NHTSA), plis pase 269 moun te jwenn lanmò akòz chofè yo ki tap kondwi sou enfliyans alkòl nan Jou St.Patrick ant 2007 ak 2011. Anplis, nan 2011, yon moun te jwenn lanmò chak 53 minit nan yon aksidan machin ki gen rapò avèk alkòl nan Etazini, yo

te fè yon tès pou detèmine nivo alkòl nan san pifò chofè yo ki te enplike nan aksidan yo e konsantrasyon alkòl la te preske double de 0.08 limit legal la.

Lapolis Eta te opere yon efò ranfòsman menm jan pandan Jounen St.Patrick la ane pase, kote twoup yo te fè 204 arestasyon pou chofè kap kondwi sou enfliyans alkòl e yo te bay yon total 9,763 kontravansyon.

Lapolis Eta New York ak NHTSA te rekòmande etap fasil sa yo ki annaprè a pou tout moun pwofite de yon konje san danje, san yo pa mete lavi okenn moun andanje sou wout la:

- Anvan fèt yo kòmanse planifye yon fason pou ale lakay ou ansekirite nan fen sware a.
- Anvan ou kòmanse bwè, chwazi yon chofè ki pa bwè e kite kle machin ou lakay.
- Si w sou, itilize yon taksi, rele yon zanmi ki pa bwè oswa yon manm fanmi, oswa pran transpò piblik kidonk ou asire ke wap rive lakay ou ansekirite.
- Si disponib, itilize pwogram moun ki pa sou sou volan nan kominote w la.
- Mache pandan w sou kapab osi danjere ke lè wap kondwi sou enfliyans alkòl. Deziyen yon zanmi ki pa sou pou mennen w lakay ou.
- Si ou wè yon chofè ki sou nan wout la, rele depatman lapolis lokal la. Ou kapab sove yon vi.
- Epitou sonje, si w konnen yon moun ki pral kondwi oswa kondwi avèk yon lòt moun ki sou, ede yo fè lòt aranjman pou yo ale kote yo bezwen an san danje. Si yon zanmi sou epi li vle kondwi, entèveni epi pran kle machin nan si sa nesèsè.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418